

# DONE SOU EGALITE DELAWARE

Yon mezi edikasyon ekita ap asire ke etidyan ki ap viv ak andikap yo pa idantifye yon mannyè ki pa apwopriye pou edikasyon espesyalize a oubyen sèvis ki lye yo selon ras oubyen orijin etnik yo. MTSS ak pedagoji diferansye a ede anpeche idantifikasyon timoun yo yon mannyè ki pa apwopriye pou edikasyon espesyalize a: olye de sa, pratik sa yo pèmèt etidyan yo resevwa sipò ak entèvansyon yo selon bezwen espesyal yo genyen nan kad pwogram edikasyon jeneral yo.

Etazini. Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (sa ki gen ladan I Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezilta timoun ki ap viv ak andikap yo selon IDEA. Yo egzije Eta yo pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta (SPP) k ap dekri kòman li pral amelyore rezilta yo pou timoun ki ap viv ak andikap yo sou yon peryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ane. Rezilta yo kouvri domèn tankou, tankou to gradyasyon, to abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan evalyasyon lekti ak matematik, ansanm avèk respè tout lwa sou edikasyon espesyalize yo



## Endikatè 9 - Reprèzantasyon ki pa ekilibre yo

Pousantaj distrik ki gen reprèzantasyon ki pa ekilibre gwoup rasyal yo ak gwoup etnik yo nan edikasyon espesyalize ak sèvis ki lye ak yo ki se rezilta idantifikasyon ki pa ekilibre.

### Mezi & Kalkil:

# etidyan yo nan X gwoup etnik/rasyal nan Y (kategori andikap)  
Total # "X" (gwoup etnik/rasyal) nan popilasyon lekòl yo

# tout lòt etidyan ki ap viv ak andikap non-"X" yo  
Total # non-"X" nan popilasyon ekolye a

### Done Istorik ki pa ekilibre yo

